

**ANALISIS BUTIR SOAL UJIAN AKHIR SEKOLAH MATA PELAJARAN BASA JAWA
KELAS IX WONTEN SMP N 1 PATUK TAUN AJARAN 2016/2017**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



dening:

Dino Muhammad Arief
NIM 14205241020

Yogyakarta, 25 Juli 2018
Pembimbing,



Nurhidayati, M.Hum.
NIP. 19780610 200112 2 002

Yogyakarta, 26 Juli 2018
Ketua Jurusan,



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

ANALISIS BUTIR SOAL UJIAN AKHIR SEKOLAH MATA PELAJARAN BASA JAWA KELAS IX WONTEN SMP N 1 PATUK TAUN AJARAN 2016/2017

THE ANALYSIS OF SCHOOL'S FINAL EXAMINATION ON BAHASA JAWA (JAVANESE LANGUAGE) COURSE APPLIED ON CLASS IX OF SMP N 1 PATUK ACADEMIC YEAR 2016/ 2017

Dening: Dino Muhammad Arief, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. dinoarief9@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika kanthi irah-irahan *Analisi Butir Soal Ujian Akhir Sekolah Mata Pelajaran Basa Jawa Kelas IX Wonten SMP N 1 Patuk Taun Ajaran 2016/2017* gadhah ancas ngandharaken (1) *tingkat validitas isi*, (2) *reliabilitas*, (3) *tingkat kesukaran*, (4) *daya beda*, saha (5) *efektivitas pengecoh*. Gayut kaliyan ancasing panaliten menika, panaliti ngginakaken jinis panaliten *Deskriptif Kuantitatif*. Asiling panaliten inggih menika (1) *analisis validitas isi* (97,15%) *valid*, (2) *reliabilitas* nggadhahi koefisien Alpha 0.813 (sae sanget), (3) *tingkat kesukaran butir soal* ingkang (gampil) wonten 24 *butir soal* (60%), ingkang (*sedang*) wonten 14 *butir soal* (35%), saha (sisah) wonten 2 *butir soal* (5%), (4) *indeks daya beda butir soal* ingkang (sae) wonten 17 *butir soal* (42,5%), ingkang (cekap) wonten 6 *butir soal* (15%), saha (boten sae) wonten 17 *butir soal* (42,5%), ingkang pungkasan (5) *efektivitas pengecoh* ingkang (*berfungsi*) wonten 101 *option* (63,1%), saha (boten *berfungsi*) wonten 59 *option* (36,9%). Satemah soal UAS wonten SMP N 1 Patuk sampun saged ngukur pangertosan *peserta didik* kanthi *revisi*.

Pamijining tembung: *Analisis Butir Soal, Ujian Akhir Sekolah*

Abstract

The research entitled The analysis of School's Final examination on Bahasa Jawa (Javanese Language) course applied on Class IX of SMP N 1 Patuk Academic Year 2016/ 2017 was aimed in some objectives (1) describe the content validity (2) reliability (3) level of difficulty (4) level of diversity, and (5) distraction effectiveness. Dealing with those objectives, researcher used quantitative descriptive research. The results of the research were (1) content validity analysis (97.15%) valid (2) the reliability analysis result on Alpha coefficient 0.813 (very good), (3) easy level of difficulty 24 questions (60%), middle level 14 questions (35%), and tough level 2 questions (5%), (4) level of difficulty was resulted in; there were 17 (42.5%) of good questions, 6 (15%) of fair questions, and 17 (42.5 %) of worse questions, the last is that (5) the effectiveness of distraction; there were 101 out of 160 distraction (63.1%) that is fully functional, and there 59 out of 160 distractions (36.95%) of non-functional distractions. According to the result, it can be concluded that the paper test of Final School examination test of SMP N 1 PATUK is good to be used to measure the knowledge of students but with necessary revisions.

Keywords: *Test Questions Analysis, School's Final Examination*

PURWAKA

Kualitas pendidikan salah satunggalipun dipuntemtokaken dening guru wonten *proses* pasinaon ing sekolahan. *Guru* kedah gadhah *kompetensi* ingkang inggil supados ndadosaken *siswa* langkung wasis saha prigel anggenipun nindakaken pasinaon wonten sekolah saha pagesangan padintenan. *Peraturan Pemerintah No 74 tahun 2008 pasal 1* ngandharaken: bilih *guru*

menika *pendidik profesional* ingkang gadhah jebibahan nuturi, mulang, nggegulang, paring pitedah, ngajari saha maringi biji *siswa*. Wonten pawiyatan menika guru ugi kedah damel *silabus*, *RPP*, *program sekolah* saha *ujian*. *Ujian* menika wonten *ujian tengah semester*, *ujian akhir semester*, saha *ujian akhir sekolah*. *Ujian* menika kangge salah satunggaling piranti guru mendhet *penilaian* asiling

pasinaon ingkang sampun dipunwulangaken satunggal semester.

Penilaian menika satunggaling proses ingkang sistematis saha ngewrat kagiyatan ngempalaken, analisis, saha ngandharaken informasi kangge nemtokaken saking pundi kemawon siswa saged mangertosi asiling pasinaon ingkang sampun dipuntindakaken (Kusaeri, saha Suprananto 2012: 8). Saking pamanggihipun Kusaeri saha Suprananto menika saged dipunandharaken bilih *penilaian* menika satunggaling kagiyatan ingkang ancasipun kangge mangertosi kasagedan siswa ingkang sampun dipunwulangaken wonten satunggal semester saged dipuntindakaken kanthi ngadani UAS (*Ujian Akhir Sekolah*) *Ujian Akhir Sekolah* menika dipuntindakaken tumrap para siswa kelas IX ingkang ndungkap paripurnaning pasinaon wonten SMP. Tes ngginakaken jinis soal pilihan ganda, saha essay. Saking *Ujian Akhir Sekolah (UAS)* menika guru saged mangertosi tingkat bab-bab ingkang angel tumrap siswa.

Adhedhasar wawancara kaliyan Ibu Dra. As Sartini, soal dereng dipunteliti kualitasipun ngginakaken analisis butir soal, kamangka sekolahan mbetahaken analisis menika kangge mangertosi kualitas soal. Asiling analisis saged dipunginakaken minangka bahan tetimbangan damel soal UAS. UAS menika dipuntindakaken tanggal 17 April 2017 wonten SMP N 1 Patuk.

Sasampunipun *Ujian Akhir Sekolah (UAS)* dipuntindakaken, panaliti nganalisis butir soal *Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran* Basa Jawa kelas IX wonten SMP N 1 Patuk taun ajaran 2016/2017 ngginakaken *Aplikasi AnBuso versi 8.0*

kangge mangertosi tingkat kesukaran, daya beda, saha efektivitas pengecoh. Reliabilitas soal dipunetang kanthi *Aplikasi IteMan versi 3.00*. Validitas soal dipunukur ngginakaken validitas isi kanthi aspek telaah antawisipun: aspek materi, aspek kontruksi, saha aspek basa ingkang dipunjumbuhaken kaliyan SK-KD, kisi-kisi, saha butir soal. Validitas isi dipunsahaken dening Bapak Drs. Surip Sugiyono guru Basa Jawa SMP N 1 Patuk uga minangka (*expert judgment*).

Kawontenan menika nedahaken bilih cacahing tes *Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran* Basa Jawa kelas IX wonten SMP N 1 Patuk taun ajaran 2016/2017 wonten 40 butir soal pilihan ganda, saha 5 butir soal essay. Soal menika dipungarap 153 peserta tes, saha wonten 6 kelas inggih menika kelas IX A, IX B, IX C, IX D, IX E, saha IX F.

Sasampunipun nganalisis butir soal menika, panaliti saged ngandharaken soal pundi kemawon ingkang sampun sae, saha soal ingkang taksih kirang sae. Kangge soal ingkang sae, saged dipunginakaken malih kangge bahan pendalaman utawi pembahasan wonten pasinaon, soal ingkang kirang sae, prayoginipun kedah dipungantos utawi dipunrevisi.

Adhedhasar prakawis ing nginggil saged dipunmangertosi wosing prakawis. Wosing prakawis panaliten menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi validitas butir soal pilihan ganda *Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran* Basa Jawa kelas IX tahun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk?

2. Kadospundi *reliabilitas* butir soal pilihan ganda Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran Basa Jawa kelas IX tahun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk?
3. Kadospundi *indeks kesulitan* butir soal pilihan ganda Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran Basa Jawa kelas IX tahun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk?
4. Kadospundi *daya beda* butir soal pilihan ganda Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran Basa Jawa kelas IX tahun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk?

CARANING PANALITEN

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif kuantitatif*. Miturut Sudaryono (2012: 9) bilih panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken kangge ngandharaken satunggaling perkawis utawi kadadosan kados menapa wontenipun. Wondene panaliten *kuantitatif* inggih menika panaliten ingkang *datanipun* awujud angka-angka ingkang dipun*analisis* kanthi cara *statistik*. Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken *karakteristik soal* Basa Jawa.

Wonten ing panaliten menika, *karakteristik soal* ingkang dipunwastani kadosta *validitas, reliabilitas, indeks kesulitan butir soal, indeks daya beda, saha keefektifan distaktor*. Data ingkang sampun samekta lajeng dipun*analisis* ngangge *aplikasi IteMan 3.00* saha *AnBuso versi 8.0*. Panaliti ngginakaken kalih *aplikasi*, amargi *aplikasi IteMan versi 3.00* namung saged dipunginakaken kangge *analisis soal objektif* kemawon, dadosipun kangge *analisis soal* ingkang awujud *essay* panaliti ngginakaken *aplikasi AnBuso versi 8.0*. Sesampunipun dipun*analisis, soalipun*

5. Kadospundi *efektivitas pengecoh* butir soal pilihan ganda Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran Basa Jawa kelas IX tahun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk?

supados saged nuwuhaken kawigatosanipun siswa. Satemah, saged ndamel siswa langkung greget anggenipun sinau wayang wonten *proses pamulangan* ing sekolah.

saged dipunbiji kangge mangertosi *soal* ingkang sae saha *soal* ingkang kedah dipun*revisi*, supados *soalipun* langkung sae.

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

1. *Validitas*

Arikunto (2012: 83) mratelakaken *validitas konstruk* inggih menika *validitas* ingkang dipunginakaken kangge ngukur saking pundi kemawon asiling *pengukuran* ingkang dipunanggep salah sawijining *konsep* wonten *teori psikologi*. saking andharanipun Purwanto (2010: 138) *validitas konstruk* inggih menika kangge nandhingaken *tes* kaliyan *konsep* utawi *teori-teori* kaliyan objek ingkang badhe dipun*tes*.

Panaliten *analisis butir soal Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran basa jawa kelas IX* wonten SMP N 1 Patuk taun ajaran 2016/2017 ngginakaken *validitas isi* saking *aspek materi, kosntruk*, saha basa sarta kangge mangertosi jumbuh menapa dereng *butir ssoal* antawisipun *standart kompetensi (SK), kompetensi dasar (KD)*, saha kisi-

kisi kanthi dipunsahaken saking *expert judgment*, inggih menika Bapak Drs. Surip Sugiyono guru basa jawa wonten SMP N 1 Patuk.

Saking asiling *penelaahan* saha *analisis validitas isi* UAS mata pelajaran Basa Jawa kelas IX wonten SMPN 1 Patuk taun ajaran 2016/2017 menika gadhah *validitas* 97,15% saking 816 aspek *telaah* ingkang *valid*. Satemah saged dipunsebat *validitas* UAS wonten SMPN 1 Patuk menika sampun kalebet sae sanget.

Butir soal ingkang dipunrevisi menika gadhah prekawis antawisipun wonten *aspek materi, kosntruksi, saha basa*. Wonten *aspek materi, kriteria telaah* ingkang dereng jangkep inggih menika *telaah nomer 01, 02, 03, saha 04*. Ingkang *telaah nomor 01 (butir soal gayut kaliyan indikator), kriteria no 02 (namung 1 kunci jawaban ingkang leres), kriteria nomor 03 (wos materi gayut kaliyan ancas pengukuran) saha kriteria nomor 04 (wos materi gayut kaliyan jenjang, jinis sekolah saha tingkat kelas)*

Wonten *aspek kosntruksi, kriteria telaah* ingkang dereng jangkep inggih menika *nomor 13, kriteria nomor 13 (pilian wangsulan boten wonten ingkang panjang piyambak, kedah sami panjangipun)*. Ananging wonten *aspek basa kriterianipun sampun kajangkepi sedaya*.

Butir soal ingkang kedah dipunrevisi inggih menika *butir soal nomor 2, 3, 4, 6, 7, 8, 9, 12, 14, 16, 17, 18, 19, 22, 23, 24, 34*. Wonten *butir soal nomor 2* dereng jangkepi *kriteria telaah nomor 04 (wos materi gayut kaliyan jenjang, jinis sekolah, saha tingkatan)*. Menika soalipun.

2.
Ayo padha gotong royong.
Larik purwaka kang trep kanggo parikan ing dhuwur yaiku... .
a. Menyang kutha numpak andhona

Soal nomor 2 menika ngrembag babagan parikan, bab parikan menika boten gayut kaliyan tingkatan kelas amargi *peserta tes* ingkang mangsuli kunci jawaban menika wonten 98 % saha *kunci jawaban* sampun nedahaken bilih *option A* menika wangsulan ingkang leres amargi guru swaranipun beda kaliyan *option* sanesipun, pramila *persentase* menika nedahaken bilih soal kagolong gampil sanget kangge kelas IX.

Wonten *butir soal nomor 3*, dereng njangkepi *kriteria telaah nomor 03 (wos materi gayut kaliyan ancas pengukuran)* inggih menika

3. Ukara-ukara ing ngisor iki kang mratelake rasa seneng yaiku ...
- a. **Alhamdulillah Pakdhe saestu rawuh, sakmenika !**
 - b. Nyuwun pangapunten Mbah, anggen kula sowan mbok bilih mbenjing.
 - c. Nyuwun sewu, kula mboten mangertos pirembagan menika.
 - d. Budhe ora sida rawuh mrene jalaran nampa tamu kumpulan arisan.

Butir soal nomor 3 menika (wosing materi boten gayut kaliyan ancas *pengukuran*), amargi *materinipun* nedahaken “unggah-ungguh menyatakan setuju dan tidak setuju” ananging *indikatoripun* nedahaken “mengungkapkan rasa

senang”. Saking *soal* menika ngrembag kados pundi anggenipun ngungkapaken raos seneng, mboten ngrembag unggah-ungguh sarujuk mboten sarujuk.

Butir soal salajengipun ingkang dereng njangkepi *aspek telaah* inggih menika nomor 6 kanthi *kriteria telaah nomor 04* (wos materi gayut kaliyan jenjang, jinis sekolah, saha tingkatan) inggih menika

- | |
|--|
| <p>6. <i>Uluk salam kanggo mertamu iku mangkene....</i>
 <i>a . kula nyuwun</i>
 <i>b . kula suwun</i>
 <i>c . kula nuwun</i>
 <i>d . nuwun sewu</i></p> |
|--|

Butir soal no 6 menika mboten trep kaliyan tingkatan kelas, amargi soal kagolong gampil manawi dipunginakaken kangge kelas IX SMP, andharan menika saged dipuntingal wonten *persentase* wangsulan ingkang nedahaken 92%, pramila *soal* menika prayoginipun dipunginakaken kangge tingkatan sekolah SD kelas 6 ngantos 7 SMP.

Butir soal pungkasan ingkang dereng njangkepi *telaah* inggih menika nomor 34 kanthi *telaah nomor 01* (*butir soal* gayut kaliyan *indikator*), saha 03 (wos *materi* gayut kaliyan *ancas pengukuran*). Menika *butir soal*ipun.

- | |
|---|
| <p>34. <i>Raden Gathutkaca putrane.....</i>
 <i>a. Arjuna</i>
 <i>b. Werkudara</i>
 <i>c. Duryudana</i>
 <i>d. Bathara Surya</i></p> |
|---|

Soal menika nedahaken bilih *butir soal* kaliyan *indikator* boten gayut, amargi *ndikatoripun* “menulis teks aksara jawa” ananging *soal*ipun “ngadharaken wayang”. Ugi wos *materi* wonten *soal* menika boten gayut kaliyan *ancas pengukuran, materinipun*

ngandharaken “menulis kalimat tanggapan terhadap teks berita” ananging *indikatoripun* “menulis aksara jawa”. Pramila prakawis ingkang dadosaken *soal* boten valid menika saged *mengaruhi kualitas soal* ingkang badhe dipunujikaken.

Butir soal ingkang dereng jangkepi *kriteria* kedah dipunrevisi gayut kaliyan kalepatanipun ingkang wonten *lembar telaah* supados *butir soal* menika saged jangkepi *kriteria butir soal pilihan ganda*. Menawi sampun dipuntelaah, *butir soal* saged dipunginakaken.

2. **Reliabilitas**

Arifin (2009: 258) mratelakaken *reliabilitas* inggih menika *tingkat konsistensi* saking *instrumen*. Salah satunggaling *syarat tes* ingkang saged *dipercaya* inggih menika manawi asiling ingkang dipungayuh *tes* menika saged *konsisten* utawi *ajeg*, boten wonten obah owahipun. *Instrumen evaluasi* saged dipunsebat sae manawi angka *reliabilitasipun* inggil. Kangge mangertosi *tingkat reliabilitas*, dipunginakaken etang-rtangan *Alpha Croncbach*. *Interpretasi* nilai *r11* saking pamanggihipun Guilford (lumantar Jihad lan Haris 2012:187).

- | | |
|---------------------------|-------------------|
| $r_{11} \leq 0,20$ | : ngandhap sanget |
| $0,20 < r_{11} \leq 0,40$ | : ngandhap |
| $0,40 < r_{11} \leq 0,70$ | : cekap |
| $0,70 < r_{11} \leq 0,90$ | : inggil |
| $0,90 < r_{11} \leq 1,00$ | : inggil sanget |

Wonten panaliten menika, panaliti nganalisis *reliabilitas*ipun wonten ing *aplikasi Iteman versi 3.00*, amargi *aplikasi AnBuso versi 8.0* *reliabilitas*ipun boten samekta, dados panaliti ngginakaken *Iteman versi 3.00*. Saking asiling *analisis butir soal* saged dipunmangertosi *reliabilitas*ipun kalebet sae, amargi nilai *Alpha* nipun 0.813. saking pamanggihipun Jihad saha Haris (2012: 187) *tingkat koefisien* antawis $0,70 < r_{11} \leq 0,90$ kalebet *kategori tingkat koefisien reliabilitas* inggil. *Output* asiling *analisis reliabilitas* wonten gambar ing ngandhap menika

Gambar 9. Point Alpha Iteman versi 3.00

Scale Statistics	

scale:	0
N of Items	40
N of Examinees	153
Mean	27.915
Variance	30.117
Std. Dev.	5.488
Skew	-0.813
Kurtosis	3.062
Minimum	0.000
Maximum	38.000
Median	28.000
Alpha	0.813
SEM	2.374
Mean P	0.698
Mean Item-Tot.	0.344
Mean Biserial	0.532

Saking gambar wonten inggil menika saged dipunmangretosi bilih *Reliabilitas*ipun saking *aplikasi Iteman versi 3.00* kanthi *koefisien 0.813*

Asiling *analisis* menika ngasilaken skor 0.813. Sami kaliyan *kriteria* saking pamanggihipun Guilford (lumantar Jihad saha Haris, 2012: 187) bilih skor *Alpha 0.813* menika kalebet wonten *kriteria 0,70 - 0,90*, ateges asiling *analisis reliabilitas* sampun inggil.

3. Tingkat Kesukaran

Indeks kesulitan inggih menika ukuran ingkang gampang utawi sisah *butir soal* marang siswa. Saking pamanggihipun Arikunto (2012: 222) *indeks kesukaran soal* inggih menika *soal* ingkang sae boten ngewrat *soal* ingkang kagampilen saha *soal* ingkang kasisahen.

Kunandar (2013: 240) *tingkat kesukaran soal* inggil menika *proporsi* cacahipun *peserta tes* ingkang mangsuli pitakenan leres, dipuntandhingaken kaliyan cacahipun *peserta tes* ingkang mangsuli leres kanthi cacahipun *peserta tes* sedaya. Saking andharan menika saged dipunpendhet bilih *tingkat kesukaran soal* inggil menika cara kangge nganalisis *proporsi soal* sisah, cekap, saha gampang ingkang sampun dipunujikaken tumrap para siswa saha kangge mangertosi *kualitas soal*ipun kalebet sae menapa boten sae.

Menika tabel ingkang kangge pedoman nemtokaken *kategori butir soal tes* saking pamanggihipun *tingkat kesukaran butir soal*, saking pamanggihipun Kusaeri lan Supranoto (2012: 175)

<i>Koefisien Tingkat Kesukaran</i>	<i>Kategori</i>	<i>Keputusan</i>
0,7 – 1,00	Gampil	<i>Ditolak/Direvisi</i>
0,3 – 0,69	Sedang	Dipuntampi
0,0 – 0,29	Sisah	<i>Ditolak</i>

Saking asiling *analisis tingkat kesukaran UAS mata pelajaran* basa jawa kelas IX wonten SMPN 1 Patuk Gunung Kidul menika, saged dipunandharaken bilih *tingkat kesukarannipun* kaperang dados 2, inggih menika *tingkat kesukaran pilihan ganda* saha *essay*. Asiling *tingkat kesukaran*

pilihan ganda ingkang kalebet *soal gampang* wonten 24 inggih menika 1, 2, 3, 5, 6, 8, 9, 12, 13, 14, 15, 17, 19, 20, 24, 25, 28, 29, 30, 32, 33, 34, 37, 38 kanthi persentase 60%, ingkang kalebet *soal sedang* wonten 14 inggih menika 7, 10, 11, 16, 18, 21, 22, 23, 26, 27, 31, 35, 36, 40 kanthi persentase 35%, saha *soal ingkang gampang* wonten 2 inggih menika 4, 39 kanthi persentase 5%.

Saking asiling *analisis tingkat kesukaran UAS mata pelajaran basa jawa kelas IX* wonten SMPN 1 Patuk ingkang *pilihan ganda* menika taksih prelu dipunrevisi, amargi cacahipun *butir soal* boten jumbuh kaliyan *proporsi IKS* sisah 20%, cekap 50%, saha gampang 30%, inggih menika taksih kathah *butir soal* ingkang gampang wonten 60%, wondene *butir soal* ingkang sae menika *proporsi* ingkang sedang kedah 50%.

Supados soal langkung sae kedah jangkepi *kriteria* kados menika.

Kategori Tingkat Kesukaran Butir Soal	Presentase (%)
Gampang	30%
Sedang	50%
Sisah	20%

(sumber: Kunandar (2013: 201))

4. Daya Beda

Arifin (2009: 273) mratelakaken bilih *indeks daya pembeda* inggih menika *pengukuran* saking pundi kemawon *butir soal* saged bedakaken *siswa* ingkang sampun mangertosi *kompetensi* kaliyan sinten ingkang dereng utawi kirang mangertosi *kompetensi* saking pamanggihipun *kriteria* tertamtu. Saking pamanggihipun Uno saha Koni (2012: 156)

daya pembeda tes dipunginakaken kangge mengkaji *kemampuan soal* ingkang kangge bedakaken antawis *siswa* ingkang gadhah prestasi lan boten.

Tabel 3. Koefisien daya beda

Koefisien Daya Pembeda (DB)	Kategori
Langkung saking 0,40	Sae sanget (dipuntampi)
0,30 – 0,39	Sae (dipuntampi kathi revisi)
0,20 – 0,29	Cekap (revisi)
0,19 – mangandhap	Boten sae (ditolak)

Asiling *analisis indeks daya beda UAS mata pelajaran Basa Jawa kelas IX* wonten SMPN 1 Patuk Gunung Kidul ingkang *pilihan ganda* gadhah asil ingkang bervariasi, wonten 17 *butir soal* kanthi persentase 42,5% ingkang kalebet *soal* dipuntampi inggih menika *butir soal* nomer 7, 10, 11, 17, 18, 21, 25, 26, 27, 29, 30, 31, 34, 35, 36, 37, 40. *Butir soal* ingkang sedang wonten 6 kanthi persentase 15% ingkang *butir soal* nomer 6, 8, 9, 12, 13, 20, 22, 32, saha *butir soal* ingkang boten sae wonten 17 kanthi persentase 42,5% *butir soal* nomer 1, 2, 3, 4, 5, 8, 9, 14, 15, 16, 19, 23, 24, 28, 33, 38, 39.

Saking asiling *analisis daya beda* menika taksih kirang sae, amargi cacahipun *soal* ingkang sae sami kaliyan *soal* dereng sae, inggih menika sami nggadhahi 17 *soal* ingkang persentasenipun 42,5%. Menika nedahaken bilih para *peserta tes* ingkang kelompok inggil taksih kathah ingkang klentu

anggenipun mangsuli pitakenan. Satemah *soal* taksih dereng *maksimal* ngukur tingkat kasagedan siswa.

5. Efektivitas Pengecoh

Purwanto (1984: 108) ngandharaken bilih *pengecoh* menika *pilihan* wangsulun ingkang boten *kunci jawaban*ipun. Djiwandono (2008: 225) ngandharaken bilih *kemiripan pengecoh* kaliyan *kunci jawaban* kedah dipunusahakaken radi sami supados namung saged dipunmangertosi manawi sampun dipunpahami kanthi sae. Uno lan Koni (2012: 157) ngandharaken bilih *analisis efektivitas pengecoh* dipunginakaken kangge nemtokaken menapa *pengecoh* sampun *berfungsi* minangka *pengecoh* ingkang sae utawi boten.

Saking andharan wonten inggil menika saged dipunpendhet bilih *efektivitas pengecoh* inggih menika *analisis* kangge mangertosi *proporsi* utawi *option* ingkang sampun dipunpilih tumrap siswa, *pengecoh* ingkang boten sae menika manawi boten wonten 5% ingkang milih saking sedaya *peserta tes*.

Adhedhasar asiling *ananalisis pengecoh* ingkang sae menika, *pengecoh*ipun dipunpilih para *peserta tes* kanthi rata, ananging *pengecoh* ingkang boten *berfungsi*, manawi *option*ipun boten rata ingkang milih. Asiling *analisis ekefektivitas pengecoh* menika ingkang *berfungsi* wonten 101 *option butir soal* saking total cacahipun 160 *option/distraktor* kanthi *persentase* 63,1%. Saha *option butir soal* ingkang boten *berfungsi* wonten 59 kanthi

persentase 36,9%. Satemah *distraktor* wonten UAS *mata pelajaran* basa jawa kelas IX wonten SMP N 1 Patuk menika kagolong sampun sae, amargi *option* ingkang kirang sae boten wonten setengah saking total *option jawaban*. Ananging *option* ingkang kirang sae menika kedah dipungantos supados langkung *efektiv* malih.

Saking undheraning perkawis sampun dipunandharaken bilih panaliten menika ngrembag *kualitas soal Ujian Akhir Sekolah (UAS) mata pelajaran* Basa Jawa kelas IX *tahun ajaran* 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk. *Kualitas soal* saged dipunmangertosi manawi *nganalisis validitas isi soal, reliabilitas, tingkat kesukaran, daya beda, saha efektivitas pengecoh*. Menika dudutaning asiling panaliten.

(1) *Validitas Soal UAS mata pelajaran* Basa Jawa kelas XI taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk, nggadhahi *tingkat validitas* ingkang inggil sanget, inggih menika saged jangkepi *kriteria telaah* antawisipun *kisi-kisi saha butir soal. kriteria telaah* ingkang sampun dipunjangkepi wonten tiga *aspek*, a. *Aspek materi*, b. *Aspek konstruksi*, saha c. *aspek basa. Persentase validitas isi UAS* menika wonten 97,15%.

(2) *Reliabilitas soal UAS mata pelajaran* Basa Jawa kelas XI taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk, nggadahahi *koefisien Alpha* 0.813. *Koefisien* menika kalebet sae sanget, amargi kalebet *kriteria* $0,70 < r_{11} \leq 0,90$.

(3) *Tingkat Kesukaran soal UAS mata pelajaran* Basa Jawa kelas XI taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk, kagolong kirang sae, amargi *soal* kalebet gampang sanget. *Butir soal* ingkang gampang menika boten ndadosaken *peserta tes* langkung

Nurhidayati, M. Hum.

usaha kangge ngrampungaken perkawis wonten soal. Soal ingkang gampang kriterianipun wonten 60% saking 24 butir soal. manawi soal ingkang sedang wonten 35% saking 14, saha soal ingkang susah utawi awon wonten 5% mawi 2 butir soal. Manawi miturut kriteria ingkang sae menika, soal kedah saged nggayuh tingkat kesukaran gampang 30%, sedang 50%, saha susah 20%.

(4) Daya beda soal UAS mata pelajaran Basa Jawa kelas XI taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk taksih dereng saged bedakaken siswa ingkang wonten kelompok inggil saha andhap. Amargi cacahipun butir soal ingkang kalebet sae saha boten sae sami. Butir soal ingkang sae nggadhahi persentase 42,5% saking 17 nomor.

(5) Efektivitas Pengecoh UAS mata pelajaran Basa Jawa kelas XI taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk kirang langkung sampun berfungsi. Saking 160 option butir soal wonten 101 butir ingkang distraktoripun berfungsi, saha wonten 59 distraktor ingkang boten berfungsi, pramila persentasenipun namung 36,9%.

PAMRAYOGI

Sesampunipun nindakaken panaliten babagan analisis butir soal UAS mata pelajaran Basa Jawa kelas XI taun ajaran 2016/2017 wonten ing SMPN 1 Patuk satemah saged paring pamrayogi kados menika:

1. Guru kedah mangertosi babagan evaluasi ingkang ngginakaken aplikasi, amargi evaluasi menika prelu sanget kangge

Uno & Koni. (2012). *Assesment Pembelajaran*. Jakarta: Bumi Aksara.

Analisi Butir Soal.. (Dino Muhammad Arief) 10

ningkataken mutu pendidikan, supados anggenipun damel soal langkung sae.

2. Kangge Sekolah, prelu dipunwontenaken kaprigelan kangge guru tumrap panyeratan soal supados gayut kaliyan instrumen ukuripun.
3. Kangge soal UAS ingkang kalebet soal kirang sae, soalipun kedah dipunrevisi malih mliginipun option jawaban, amargi option ingkang beda sanget kaliyan kunci jawaban menika saged ndadosaken butir soal boten efektif, amargi siswa sampun mangertosi bilih option menika lepat, pramila option kedah mirip kaliyan kunci jawaban supados butir soal saged mbedakaken peserta tes ingkang sampun mangertosi materi, saha dereng ingkang mangertosi.

KAPUSTAKAN

Arifin, Zaenal. 2009. *Evaluasi Pembelajaran*. Bandung. PT Remaja Rosdakarya

Arikunto, Suharsimi. (2012). *Dasar-dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Bina Aksara

Jihad, A., & Haris, A. (2012). *Evaluasi Pembelajaran*. Yogyakarta: Multi Pressindo.

Kunandar. (2013). *Penilaian Autentik*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada

Kusaeri, & Suprananta. (2012). *Pengukuran dan Penilaian Pendidikan*. Yogyakarta: Graha Ilmu.

Purwanto, N. (1984). *Prinsip-prinsip Evaluasi Pengajaran*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya

Sudaryono. (2012). *Dasar-dasar Evaluasi pembelajaran*. Yogyakarta: Graha Ilmu